

**POU:** Paran ak gadyen nan Distri Perry Community School

**SOTI NAN:** Clark Wicks, Sipèentandan, Distri Perry Community School

**DAT:** 5 Janvyè 2024

Jodi a, nou reflechi sou doulè, lapenn ak chagren apre zak vyolans terib Jedi a nan lekòl segondè nou an. Nou pa ka mezire chagren nou an paske nou konnen gen vi ki chanje pou toutan epi kominote nou an p ap janm menm jan an.

Panse nou yo ale vè elèv sizyèm ane a yo te tiye, epi direktè lekòl segondè a Dan Marburger ak kat elèv ki ap refè soti nan blesi yo. N ap kenbe yo ansanm ak fanmi yo nan priyè nou yo.

"Sa a se yon tan moman douloure ak difisil pou tout kominote lekòl nou an, epi nan chagren nou an, nou pral pran nou tan pou sonje yo." se sa Clark Wicks te di, Sipèentandan PCSD

Konsantrasyon nou se sou elèv nou yo, fanmi, kò pwofesè ak anplwaye nou yo pandan n ap kòmanse pwosesis gerizon an. Se poutèt sa, nou pran desizyon pa pral gen okenn kou pou elèv lekòl segondè semèn pwochèn, epi elèv lekòl primè ak lekòl entèmedyè yo pa pral retounen nan klas la jiska Vandredi pou pi bonè. Yo pral pataje tout mizajou sou kalandriye sa dirèkteman avèk paran yo ak gadyen yo, ak sou sitwèb Distri Perry Community School la.

Malgre lekòl la pral fèmen, yo pral gentan pran yon manje midi yo ka pote epi ale avèk yo nan Perry Elementary School apati 11:00 a.m. jiska 12:30 p.m. chak jou.

Gen anpil resous ki disponib pandan nou kòmanse pwosesis gerizon an pandan semèn kap vini yo:

Perry Schools, The City of Perry, Heartland Area Education Agency ak founisè sante mantal kominotè yo t ap travay ansanm pou sipòte pèsònèl lekòl yo ak elèv yo avèk sèvis sa yo:

- Evalye ak sipòte bezwen imedya elèv nou yo, anplwaye ak kominote lekòl nou an.
- Divès konseye ki fòme nan Jesyon Estrès nan ka Ensidan Kritik ap bay divès seyans pou pèsònèl lekòl la pa .
- Konseye pou pèsònèl lekòl ak elèv yo, ansanm ak referans pou resous kominotè si nesèsè.
- Yo ap rive pataje divès resous referans pou elèv yo, paran yo ak manm kominote lekòl nan seyans yo.

"Nou pwofondman rekonesan anvè fòs lòd yo, premye entèvenan Perry yo, ansanm ak tout eta a ki te reyaji yon jan rapid ak yon fason ki wotman kowòdone", selon sa Perry Dirk Cavanaugh te di. "Nou se yon ti vil, men nou pral ini nou ansanm pou simonte eprè sa."

"Pèsonèl la, elèv yo ak kominote Perry a se moun ki rezistan. Nou pral mache nan moman difisil sa a ansanm epi konsantre nou sou espwa ak pwomès alavni." selon sa Micks te di.

Si ou menm oswa nenpòt moun ou konnen ka bezwen èd, resous yo disponib.

- Liy Asistans 24 sou 24 Sant Entèvansyon ak Defans nan Ka Gen Kriz: 1-800-550-0004
- Your Life Iowa (Lavi ou nan Iowa): 855-581-8111
- Voye mesaj tèks NAMI nan 741-741

Abitan Iowa yo se moun ki jenere ak solidè nan moman bezwen, epi plizyè te mande nan ki pi bon fason yo kapab bay sipò. Se poutèt sa, yo te mete kanpe yon fon nan Bank Raccoon Valley pou fè don monetè nan kad Perry School Foundation. Si ou enterese nan fè lòt kalite don, tanpri voye yon imel nan [joyce.scott@g.perry.k12.ia.us](mailto:joyce.scott@g.perry.k12.ia.us).